



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 janvye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FÈMTI LÒT WOUT PASKE MOVE TAN AP KONTINYE NAN REJYON LWÈS AK
SANT NEW YORK**

Kondisyon Tan Kreye Kondisyon Vwayaj Difisil ak Danjere

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te bay dènye nouvèl sou fèmte wout nan Sant ak Lwès New York pandan move tan, tankou tanperati ba ak gwo van kontinye nan tout rejyon an.

“Ak tanperati frèt ak gwo van nan tout Lwès ak Sant New York, m ap mande prese prese pou Nouyòkè nan zòn lan rete lakay yo jodi a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Moun ki gen obligasyon pou yo vwayaje dwe pran anpil prekosyon. N ap fèmen wout sa yo kòm yon mezi prekosyon pou asire sekirite tout vwayajè nan machin. Mwen mande prese prese pou Nouyòkè swiv nouvèl pou dènye enfòmasyon epi tyeke vwazen yo ak moun pa yo toutan.”

New York State Thruway nan rejyon Lwès New York rete fèmen akòz kondisyon move tan ivè.

Depatman Transpò Eta New York fèmen tou plizyè wout nan rejyon Lwès New York. NY Route 219 fèmen nan toulede direksyon yo ant NY Route 39 nan Springville ak I-90 nan Lackawanna. Anplis, NY Route 400 fèmen nan toutede direksyon yo apati NY Route 16 nan East Aurora rive Seneca Street nan West Seneca, NY Route 75 fèmen nan toulede direksyon apati NY Route 62 rive NY Route 249 ak NY Route 5 (Buffalo Skyway) fèmen nan toulede direksyon yo ant I-90 ak Tiffy Street.

Maten an, State Police pral akonpaye 38 kamyon ki pou kounye a kanpe nan Angola Service Area, nan fwontyè eta Pennsylvania atravè Thruway a (I-90).

Nan Sant New York, I-81 fèmen nan toulede direksyon an ant exit 31 ak exit 45.

Thruway a ant Exit 55 (Route 219/Lackawanna/Springville/Orchard Park/West Seneca) ak Exit 61 (Shortman Road, Ripley) te fèmen nèt pou sikilasyon bò 7:30 pm jou ki te 6 janvye a Sikilasyon nan direksyon lwès sou Thruway a kontinye detounen kite wout la sou Exit 50 (I-290 lwès), ak tout sikilasyon nan direksyon lès la detounen soti nan Exit 61 (Shortman Road, Ripley).

Haitian Creole

Vwayajè ki prale Pennsylvania ak pwen lwès dwe kite Thruway a nan exit 46 (Henrietta) pou ale I-390 direksyon sid rive nan I-86 nan Thruway nan Henrietta. Vwayajè direksyon lès nan Pennsylvania dwe soti nan I-86 direksyon lès epi kontinye nò sou I-390 pou rive nan Thruway a nan Henrietta. Tout fèmti pral rete anplas jiskaske yo bay lòt avètisman epi yo ankouraje vwayajè pa vwayaje pandan sitiyasyon move tan ivè sa.

Thruway Authority a gen 79 chasnèj ak 213 operatè kap entèveni nan tanpèt lan, ansanm ak kèk chasnèj ak operatè ki soti nan lòt divizyon Thruway a. Anplis gwo vantilatè nèj ki monte sou kamyon, ATV ak motonèj ki baze nan Lwès New York yo epi ki mobilize pou entèvansyon nan tanpèt la, plis vantilatè ak motonèj vini stasyon tou nan zòn lan pou si gen bezwen pandan tanpèt la.

Eta a gen apeprè 73.000 tòn sèl wout nan zòn Buffalo, ansanm ak yon gwo kantite klorid mayeyòm yo itilize tou pou trete wout ak fè prevansyon fòmasyon vèglas.

Depatman Transpò New York (DOT) gen 170 chasnèj ak 455 operatè nan rejyon an pou fè fas ak kondisyon tanpèt.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418